



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU KALITÈ LÈ NAN TOUT ETA A POU MÈKREDI 28 JEN

Van yo ta dwe pote enpak potansyèl lafimen toupre sifas la nan tout Eta a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou kalite lè yo prevwa pou semèn sa a. Eta a kontinye siveye kalite lè a depre pou detekte enpak potansyèl ensandi nan forè Kanada yo, ansanm ak ozòn ak lòt polyan. Previzyon aktyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York sou kalite lè nan tout eta a pou mèkredi 28 jen, montre posiblite pou gen kalite lè ki pa bon pou lasante ki pral afekte pifò eta a avèk lafimen epè nan sifas pandan lannwit mèkredi. Akòz yon fwon frèt k ap antre nan rejyon Lwès New York soti nan nòdwès nan maten bonè nan mèkredi epi k ap rive nan rejyon sid eta a nan aswè nan mèkredi, van yo ta dwe pote potansyèl enpak lafimen toupre sifas la nan tout eta a.

"Pandan n ap kontwole previzyon k ap chanje, Nouyòkè yo ta dwe prepare pou posiblite pou lafimen nan ensandi forè Kanada yo tounen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun pou nou rete vijilan, sitou si nou vilnerab a polisyon nan lè a, rete branche dènye enfòmasyon yo epi pran mezi pou pwoteje tèt nou".

Malgre ensètitud sou previzyon yo pa chanje, Nouyòkè yo ta dwe prepare pou nivo elve posib nan polisyon ti patikil ke lafimen nan mèkredi a te lakòz. Si sa nesesè, Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Depatman Sante pral soti Avi Sante sou Kalite Lè a nan rejyon lafimen nan madi apremidi a afekte. Yo soti Avi Sante sou Kalite Lè a lè yo prevwa ozòn oswa ti patikil yo ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100.

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesesè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI pi wo pase 100, Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite fè efò deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.

- Lè AQI a pi gran pase 150, tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire.
- Moun ki ansent yo ka vin pi vilnerab tou epi yo ka vin gen kout souf pi fasil, yo konseye pou yo rete andedan kay la lè AQI a pi wo pase 150.
- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon [N95](#) oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Òganizasyon ki fè aktivite deyò oswa ki gen mendèv deyò ta dwe kòmanse planifye kounye a pou chanjman potansyèl aktivite nan mèkredi 28 jen.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib [isit la](#). Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, vizite isit la: www.airnow.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418